



PERTEMUAN PJJ



UNGGAH UNGGUH BASA

**KRAMA LUGU
KRAMA ALUS**



Apa sing diarani
unggah-ungguh?

**Tegese unggah-ungguh yaiku
sopan santun, tata krama.**

Unggah ungguh **artine unggah
(munggah) lan ungguh
(lungguh)**, maksude sekabehane
perkara iku kudu ngerti
panggonane, sing kudu
dimulyakna lan dihormati sesuai
karo posisi lan kedudukane



UNGGAH-UNGGUH BASA KAPERANG DADI 4:

- 1. NGOKO LUGU**
- 2. NGOKO ALUS**
- 3. KRAMA LUGU**
- 4. KRAMA ALUS**



KRAMA LUGU

yaiku basa kang tembung-tembunge kabeh
migunakake basa krama, ater-ater lan
panambang kabeh kudu dikramakake.

Panganggone ing pasrawungan nuduhake
watak ngajeni nanging kurang alus marang
wong sing diajak guneman.

Gunane Basa Krama Lugu

Basa krama lugu iku dienggo guneman dening:

- (1) wong enom marang wong tuwa
- (2) wong sing lagi tetepungan anyar
- (3) murid marang gurune
- (4) abdi marang bendarane

Wewatone Basa Krama Lugu

1. Tembung-tembung sing ana kramane diganti tembung krama, dene sing ora ana kramane tetep ngoko.

Tuladhane:

Basa ngoko:

Aku arep tuku woh-wohan, kayata: pelem, nanas, gedhang, lan anggur.

Basa krama lugu:

Kula badhe tumbas woh-wohan kados ta: pelem, nanas, pisang, kaliyan anggur.

2. Tembung sing magepokan karo dhiri pribadi
sing anatembunge krama, tetep dikramakake.

Tuladhane:

Basa ngoko:

Kowe apa wis weruh omahku, saiki bojoku wis
mulih.

Basa krama lugu:

Sampeyan punapa sampun sumerep griya kula,
Sapunika semah kula sampun wangsul.

3. Tembung-tembung sing magepokan karo kewan, witwitan, lan barang sing ana kramane tetep dikramakake.

Tuladhane:

Basa ngoko:

Tanggaku nganti saiki isih lara durung bisa mlaku.

Basa krama lugu:

Tanggi kula ngantos sapunika taksih sakit dereng
Saged mlampah.

KRAMA ALUS

yaiku basa kang digunakake kanggo
pacaturan kang nggunakake basa krama
kang alus, nanging yen kanggo awake
dhewe tetep nggunakake krama lugu.

Gunane Basa Krama Alus

Basa krama alus digunakake dening:

- a. anak marang wong tuwa
- b. murid marang guru
- c. wong enom marang wong tuwa
- d. wong kang lagi tetepungan

Wewatone Basa Krama Alus

1. Tembung-tembung ngoko sing ana krama aluse diganti nganggo tembung krama alus, sing mung ana krama lugune diganti tembung krama lugu, dene sing ngoko ora ana tembung kramane tetep tembung ngoko wae.

Tuladhane:

Basa ngoko:

Bojone Pak Tarji tuku gedhang, pelem, karo apel.

Basa krama alus:

Garwanipun Pak Tarji mundhut pisang, pelem, kaliyan apel.

2. Tembung sing magepokan karo dhiri pribadi sing ana tembunge krama alus, ora dienggo, sing dienggo tembunge krama lugu, yen ora ana tembunge krama lugu sing dienggo tembunge ngoko.

Tuladhane:

Basa ngoko:

Nalika anake Bu Lurah lara, anakku durung mulih.

Basa krama alus:

Wekdal putranipun bu Lurah gerah, yoga kula dereng wang sul.

3. Tembung-tembung sing magepokan karo kewan, wit-witan lan barang, tembung krama aluse ora dienggo, sing dienggo tembunge krama lugu; yen ora ana tembunge krama lugune, sing dienggo tembunge ngoko.


Tuladhane:

Basa ngoko:

Pak Broto pikirane rada kuwatir, sapine sing lara ora gelem mangan, tandurane pari akeh sing rusak.

Basa krama alus:

Pak Brata manahipun radi kuwatos, lembunipun ingkang sakit boten purun nedha, tanemanipun pantun kathah ingkang risak.



MATUR NUWUN

mtu/nuwun\

TIM MGMP KOTA SURABAYA

